Yalla dana néggandiku tooñkat bi, ba bu ko jàppee du ko rëcc

Jële na ñu ci Abuu Muusaa Al-Asharii -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «Yalla dana néggandiku tooñkat bi, ba bu ko jàppee du ko rëcc» nee na: mu daal di jàng: aaya bii «{niki noonu it la sa jàppug Boroom di deme bu jàppee waa dëkk buy tooñ te ag jàppam lu metti la te tar} [Huud: 102]»

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day moytondikuloo di wéy cig tooñ ak i moy ak bokkaale, ak tooñ nit ñi ci séen i àq, ndax Yàlla mu kawe mi day néggandiku tooñkat bi di ko yeexe ak di guddal fanam di baril alalam te du ko gaawa mbugal; bu tuubul mu jàpp ko te du ko bàyyi ndax ay bàkkaar yu bari. Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daal di jàng aaya bii: {niki noonu it la sa jàppug Boroom di deme bu jàppee ab waa dëkk buy tooñ te ag jàppam lu metti la te tar} [Huud: 102].

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5811